

Swen Sante Seksyèl ak Repwodiktif pou Tout Moun



Jwenn sèvis ou bezwen pou fè yon tibebe an sante, anpeche oswa mete fen nan yon gwosès, epi anpeche oswa trete enfeksyon moun pran nan fè sèks, tankou VIH.

- Vizite yon Klinik Sante Seksyèl nan Vil Nouyòk (NYC Sexual Health Clinic) (nyc.gov/sexualhealthclinics).
- Pran yon randevou nan NYC Health + Hospitals lè w rele 844-692-4692.
- Pou swen ijans, lajounen oswa lannuit, vizite expresscare.nyc pou fè yon apèl videyo ak yon founisè NYC Health + Hospitals oswa rele 631-397-2273.
- Jwenn lòt founisè ak kapòt gratis lè w itilize Kat Sante Vil Nouyòk la nan nyc.gov/health/map.



Klinik Sante Seksyèl Vil Nouyòk yo ak etablisman NYC Health + Hospitals yo bay sèvis pou moun ki pa gen asirans epi yo ofri entèpretasyon gratis nan plis pase 200 lang.

Gwosès ak Kontwòl Nesans

Swen Pandan Gwosès

- Pou jwenn èd **pou asirans sante gratis** ki peye pou akouchman ak swen medikal pou ou menm ak tibebe ou, rele 347-665-0214 oswa vizite nyc.gov/healthcoverage.
- Jwenn sipò yon enfimyè pèsònèl oswa yon doula pandan ak apre premye gwosès ou. Rele 718-637-5235 pou w enskri nan Inisyativ Vizit Lakay Nouvo Fanmi (New Family Home Visits Initiative).

Mete Fen nan yon Gwosès

Avòtman se yon bagay ki an sekirite epi li legal nan Eta Nouyòk. Pou jwenn sipò konfidansyèl, rele Sant Aksè pou Avòtman nan Vil Nouyòk (NYC Abortion Access Hub) nan 877-692-2482.

Kontwòl Nesans

Gen anpil fason ki an sekirite epi ki efikas pou **anpeche gwosès**.

- Itilize kapòt chak fwa ou fè sèks vajinal.
- Pran yon grenn chak jou.
- Itilize yon patch chak semèn oswa yon bag vajinal chak mwa.
- Resevwa yon piki, yon enplan, oswa yon DIU (aparèy anedan matris) ki dire plis tan.

Kontrasepsyon ijans ka anpeche gwosès si ou te fè sèks vajinal san yon lòt kalite kontwòl nesans.

- Yo ka mete yon DIU senk jou apre yon rapò seksyèl pou anpeche gwosès.
- Grenn kontrasepsyon ijans yo mache pi byen lè ou pran yo pi bonè. Gen kèk grenn ki dwe pran nan twa jou.

Jwenn kontrasepsyon sou preskripsyon nan men yon founisè swen sante, yon klinik planin familyal, oswa yon Klinik Sante Seksyèl Vil Nouyòk. Gen kèk famasi ki vann kontrasepsyon nòmral ak kontrasepsyon ijans san preskripsyon.

VIH ak Lòt Enfeksyon Moun Pran nan Fè Sèks

Tès

Fè tès omwen yon fwa pa ane pou pwoteje tèt ou ak patnè seksyèl ou yo.

- Fè tès anvan ou fè sèks ak yon nouvo patnè. Mande patnè ou ki dènye fwa yo te fè tès.
- Fè tès nenpòt lè ou gen doulè pandan sèks; santi brili lè ou fè pipi; dechaj ki pa nòmal nan vajen, penis, oswa twou dèyè; oswa gratèl oubyen maleng alantou vajen, penis, oswa twou dèyè.

Enfeksyon moun pran nan fè sèks pa toujou montre siy oswa sentòm. Fè tès pou asire ou pa gen yon enfeksyon.

Tretman

- **VIH:** Si ou gen VIH, medikaman yo ede ou rete an sante epi anpeche transmisyon bay patnè seksyèl ou yo. Pou jwenn swen, rele Depatman Sante Vil Nouyòk (NYC Health Department) nan 212-693-1419.
- **Lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks:** Sifilis, klamidya ak gonore ka fasil pou trete. Si yo pa trete, yo ka lakòz gwo pwoblèm sante epi gaye bay patnè seksyèl ou yo.

Prevansyon

- **Kapòt** ede anpeche gwosès, VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks.
- **PrEP** (pwofilaksi anvan ekspozisyon) se yon medikaman ki san danje epi ki efikas ki anpeche enfeksyon VIH.
- **PEP ijans** (pwofilaksi apre ekspozisyon) kapab sispann enfeksyon VIH apre sèks si li kòmanse nan 72 èdtan. Ale nan yon sal dijans oswa rele Liy Dirèk PEP Vil Nouyòk la, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan 844-373-7692.
- **Doxy PEP** (pwofilaksi apre ekspozisyon avèk doksisisiklin) se yon konprime antibyotik ou ka pran apre sèks pou ede anpeche sifilis, klamidya ak gonore.
- **Vaksen** ede anpeche mpox, HPV (viris papiyom imen), menenjit, ak epatit A ak B.

Sekirite Ou

- Gen èd ki disponib si yo te abize ou oswa fòse ou fè sèks. Rele Liy Dirèk Vil Nouyòk kont Vyolans Domestik (NYC Domestic Violence) la, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan 800-621-4673.

Dwa Ou

- Founisè swen sante yo pa ka pataje enfòmasyon ou san pèmasyon ou, sof lè lalwa egzije sa.
- Si ou kwè yo te maltrete ou oswa yote refize ba ou swen poutèt idantite ou oswa estati imigrasyon ou, rele 212-416-0197 pou depoze yon plent bay Komisyon sou Dwa Moun nan Vil Nouyòk (NYC Commission on Human Rights).



Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sante seksyèl, vizite nyc.gov/sexualhealth oswa eskane kòd QR la.